



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN BIDJÈ ANE FISKAL 2024 YO AP OGMANTE POU OGMANTE TRAVAY EPI FAVORIZE KWASANS EKONOMIK ATRAVÈ ETA NEW YOR

Ogmante epi ranfòse kredi enpo yo pou sipòte sektè sinema, televizyon, ak espektak New York yo

Etabli pwogram sibvansyon kontrepati inovasyon teknolojik pou ensite rechèch syantifik, inovasyon ak devlopman

Relanse kredi enpo biyoteknoloji Vil New York la pou apiye angajman Gouvènè a nan Sektè Syans Lavi k ap Devlope a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè investisman ki pote transfòmasyon pou sipòte kominote biznis New York la epi ranfòse ekonomi eta a nan kad nan Bidjè istorik Ane Fiskal 2024 la. Bidjè a ogmante limit Kredi Enpo pa ane a pou Sinema Eta New York la a 700 milyon dola, etabli nouvo Pwogram Sibvansyon Kontrepati Inovasyon Teknolojik la, epi relanse Kredi Enpo Biyoteknolojik Vil New York la, pami lòt mezi, pou atire kwasans ekonomik nan Eta New York epi kreye bon travay.

"Investisman ki pote transfòmasyon yo ki te sekirize nan bidjè ane sa ap ede eta nou an kontinye atire biznis ki inovan, ouvri wout pou travay ak karyè lavni yo, epi sipòte fanmi k ap travay yo pi byen pou pouse ekonomi an, an avan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Inisyativ kle sa yo pou ranfòse sektè a fò kwasans yo, devlope epi konsève djòb nan sektè sinema ak espektak la epi konstui yon mendèv 21yèm syèm k ap akselere rekiperasyon New York apre pandemi an epi solidifye pozisyon nou antanke eta ki pi akeyan pou travayè ak biznis nan peyi a."

Ranfòse Pwogram Kredi Enpo Sinema New York la

Bidjè Ane Fiskal 2024 la gen pwovizyon pou ogmante epi ranfòse Kredi Enpo sou Sinema New York la — youn nan pwogram motivasyon pou pwodiksyon fim ki pi stab nan peyi a. Nan kad bidjè a, Eta New York ap ogmante nivo kredi enpo sinema a, a 700 milyon dola, ajoute yon kredi ki limite pou salarye "ki depase liy" kredi ki egziste a avèk pou salarye "ki pi ba liy" kredi yo, epi restore kredi a, a 30 pousan pou depans ki kalifye yo. Chanjman sa yo ap ogmante pi plis estabilite pwogram lan, ede atire pwodiksyon,

epi bay sektè sinema New York la yon koutpous, ki se youn nan pi gwo sendika anplwaye nan Eta New York.

Pwodiksyon fim ki resevwa Kredi Enpo sou Sinema New York la jenere an mwayèn 9 dola nan aktivite ekonomik pou chak 1 dola motivasyon Eta a. Pwogram lan sipòte tou plis pase 57,000 djòb, 1.2 milya dola investisman prive ak 12 milya dola salè chak ane. An jeneral, depi 2014, 1,502 pwojè te aplike pou patisipe nan pwogram motivasyon an, k ap kreye plis pase 1.7 milyon anboch ak plis pase 35 milya dola nan depans atravè Eta New York.

Pwogram Sibvansyon Kontrepati Inovasyon Teknoloji

Aktyèlman, plis pase mwayèn eta nan nasyon an gen yon pwogram sibvansyon kontrepati pou aplikan k ap chèche finansman atravè pwogram Rechèch nan Inovasyon pou Ti Biznis (Small Business Innovation Research, SBIR) ak pwogram Transfè Teknoloji pou Ti Biznis (Small Business Technology Transfer, STTR) federal yo. New York pa kreye yon dezavantaj konpetitif lè li atire epi jenere investisman inovan yo.

Bigjè Ane Fiskal 2024 la ajoute 6 milyon dola pou yon Pwogram Kontrepati Inovasyon Teknoloji, ke Gouvènè Hochul te premye pwopoze nan Diskou li a sou Sitiyasyon Eta a, k ap bay sipò ak asistans teknik bay konpayi New York k ap aplike pou pwogram SBIR/STTR yo — ke yo rele "Finansman Demaraj Amerik" — ki motive ti biznis ki gen potansyèl pou komèsyalize yo angaje nan rechèch ak devlopman. Investisman kontrepati sa a ap sipòte kwasans ti biznis yo ak devlopman nouvo avansman syantifik, pandan l ap kreye djòb epi kenbe New York pou rete konpetitif pa rapò ak lòt eta yo pou investisman sa yo.

Relanse kredi enpo byoteknoloji Vil New York

Vil New York te akòde anvan yon kredi enpo pou biznis nan sektè biyoteknoloji a, men li te ekspire an 2019. Bidjè Ane Fiskal 2024 la avanse lejislasyon an pou relanse yon kredi enpo pou konpayi biyoteknoloji k ap emèje yo ki baze nan Vil New York pou ede vil la ak Eta New York kontinye rete lidè nan domèn biyoteknoloji ak syans lavi yo. Lejisasyon an otorize Vil New York ofri kredi enpo sa pou yon lòt twa lane.

Vil New York gen yon avantaj natirèl nan sektè byosyans lan, poutan li trennen dèyè lòt vil yo nan komèsyalizasyon nouvel teknoloji yo. Resaman, Gouvènè Hochul te anonse investisman nan [Harlem Biospace](#), [Schrödinger, Inc.](#), ak [Deerfield Discovery and Development's Lab of the Future](#) pou devlope enpak New York nan sektè biyoteknoloji ak syans lavi. Kredi enpo a ap ede Vil New York atenn sib ki enpòtan ki nesèsè pou devlope epi komèsyalize pèsè inovan epi k ap sove lavi nan syans lavi yo.

Konektè Djòb pou Jèn

Bidjè Ane Fiskal 2024 la tabli pwogram Konektè Djòb pou Jèn lan pou bay sipò edikatif solid ak fòmasyon pou travay a jèn moun ki nan chomaj epi ki nan travay ki pi ba pase konpetans yo ki nan laj 16 a 24 an epi prepare yo pou mache travay la. Pwogram lan, ki administre atravè yon patenarya ant plizyè ajans ki enkli Empire State Development, Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor), Depatman

Edikasyon Eta New York (New York State Department of Education), SUNY, CUNY ak lòt ajans ki pètinan yo, ap ofri fòmasyon sou preparasyon travay ak sèvis plasman, oryantasyon karyè, anvan staj ak staj ak lòt opòtinite ki enpòtan pou ede jèn yo jwenn travay.

Pwogram Konektè Djòb pou Jèn nan souliyen angajman Gouvènè Hochul pou apwofondi rezèv talan New York la epi konekte biznis New York yo ak travayè ki kalifye ke yo bezwen pou patisipe nan yon ekonomi 21yèm syèk. Ane pase, nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè Hochul te tabli yon Inisyativ Devlopman Mendèv 350 milyon dola, ki te genyen ladan l kreyasyon yon Biwo Estratejik pou Devlopman Mendèv, pou ede Eta a reponn pi byen ak bezwen anplwayè yo.

Devlope Kredi pou Pwodiksyon Mizik ak Teyat nan Vil New York

Anplis, Bidjè Ane Fiskal 2024 la ogmante Kredi pou Pwodiksyon Mizik ak Teyat Vil New York la pou kontinye sipòt eta a pou sektè espektak New York la, ki te afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa pandemi an. Bidjè a genyen ladan l yon pwovizyon ki rann pwodiksyon ki pa nan Broadway yo kalifye pou kredi a, pwolonje dat limit aplikasyon a soti 30 jwen 2023, rive 30 jwen 2025, epi ogmante limit jeneral pwogram lan a 300 milyon dola.

Envesti nan Ekonomi Lokal yo

Anplis, Bidjè Ane Fiskal 2024 la genyen ladan l plis pase 1 milya dola pou envesti nan ekonomi lokal yo, ki enkli 225 milyon dola nan finansman sibvansyon ak kredi enpo pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo, 100 milyon dola pou finanse yon lòt Inisyativ Revitalizasyon Anba Laval ak NY Forward pou chak vil, 50 milyon dola pou Inisyativ Kominotè RESTORE New York la, 400 milyon dola pou Fon Devlopman Ekonomik NYWORKS ak prèske 200 milyon dola pou pwojè ki sipòte kwasans ak amelyorasyon kominotè.

Devlope Sektè Semikondiktè New York la

Bidjè Ane Fiskal 2024 la sipòte tou Biwo Gouvènè a pou Devlopman, Jesyon, ak Entegrasyon nan Semikondiktè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO SEMI), ki te premye anonse nan Diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a, pou pote kwasans sektè semi-kondiktè a nan eta a. Bidjè a rann 45 milyon dola disponib pou GO SEMI sipèvize investisman istorik 100 milya dola Micron an pou yon nouvo megafab nan Santral New York; devlope epi fè règleman yo pwogrese pou atire sektè semikondiktè a ak chèn apwovizyonman li a; kowòdone devlopman mendèv ak investisman kominotè ant patnè lokal, eta, federal, ak prive yo; dirije efò pou kreye, atire epi konsève mendèv wotman kalifye ki nesèsè yo; epi sipòte devlopman ini ki konsantre sou prensip kwasans entelijan yo. GO SEMI, ki dirije pa Empire State Development, ap sipòte pa ekspè ki soti nan divès ajans Eta yo epi l ap travay nan kowòdinasyon ak patnè federal ak lokal nou yo epi sipèvize investisman nan sektè semikondiktè a, epi l ap fason epi aplike yon modèl nasyonal ki pi laj pou maksimize sektè a ak retou kominotè pou patenarya piblik/prive sa yo.

Pwolonje Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la

Bidjè Ane Fiskal 2024 la avanse lejislasyon pou pwolonje dat limit aplikasyon pou Pwogram Kredi Enpo pou Depans Kapital COVID-19 la soti 31 mas 2023, a 30 septanm 2023, pou pèmèt ti biznis yo gen plis tan pou aplike pou kredi enpo sa. Pwogram ki te adopte nan bidjè Ane Fiskal 2023 a, sipòte ti biznis ki te fè envèstisman pou konfòme yo ak dekrè ak règleman ijans yo oswa pou ogmante sekirite piblik nan repons ak COVID-19 la. Plis pase 1,300 ti biznis te resevwa plis pase 15.2 milyon dola finansman depi kòmansman pwogram lan an 2022.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)